



Haitian Creole Edition
Grade 4 Mathematics Test, Book 1
May 5–7, 2010

Pwogram Egzamen Eta Nouyòk
Egzamen Matematik
Liv 1

Ane **4**

5–7 me 2010



Developed and published by CTB/McGraw-Hill LLC, a subsidiary of The McGraw-Hill Companies, Inc., 20 Ryan Ranch Road, Monterey, California 93940-5703.
Copyright © 2010 by the New York State Education Department. All rights reserved. No part of this publication may be reproduced or distributed in any form or by any means, or stored in a database or retrieval system, without the prior written permission of the New York State Education Department.

TRIK POU FÈ EGZAMEN AN

Men kèk sijesyon pou ede ou bay pi bon rannman:

- Asire ou li avèk atansyon tout enstriksyon ki nan tiliv egzamen an.
- Li chak kesyon avèk atansyon epi reflechi sou chak repons anvan ou chwazi repons ou.



Pòtre sa a vle di ou pral sèvi avèk règ ou.

Egzanp A

$$\begin{array}{r} 227 \\ + 14 \\ \hline \end{array}$$

- A 311
- B 241
- C 231
- D 232

Egzanp B



Ki nimewo k ap sèvi answit?



A



B



C




D

Egzanp C



Sèvi ak règ ou pou ede ou rezoud pwoblèm sa a.

Konbyen pous ki nan longè bwòs dan yo montre anba a?



- A $4\frac{1}{2}$
- B 5
- C $5\frac{1}{2}$
- D 6


RETE LA

1



Sèvi ak règ ou pou ede ou rezoud pwoblèm sa a.

Ki longè, an pous, ti kamyon jwèt yo montre anba a?



A 3

B $3\frac{1}{4}$

C $3\frac{1}{2}$

D $4\frac{1}{4}$

2

Premye eksploratè pou rive nan Pòl Sid la te retounen nan kan baz yo apre yo te vwayaje yon distans 1.860 mil. Ki sa 1.860 ekri an mo, ye?

A dizwit mil swasant

B dizwit mil sis san

C mil wisan sis

D mil wisan swasant


Kontinye

3


Pou miral yon saldeklas, Amber trase yon figi ki gen 6 segman dwat. Kilès nan figi sa yo Amber te ka trase?




A



C



B



D

4

Distans de lakay Gayle pou rive nan twa vil endike nan tablo anba a.

DISTANS APATIDE KAY GAYLE

Vil	Distans (an mil)
Vil X	250
Vil Y	139
Vil Z	167

Ki lis ki prezante distans yo nan lòd **pi piti** pou rive nan **pi gran**?

- A** 250 mil, 139 mil, 167 mil
- B** 167 mil, 139 mil, 250 mil
- C** 139 mil, 250 mil, 167 mil
- D** 139 mil, 167 mil, 250 mil

5

Yon magazen rad te gen 274 kliyan nan yon jou. Ki sa 274 awondi a dizyèm ki pi pre a ye?

- A** 200
- B** 270
- C** 280
- D** 300


Kontinye

6


Ki deklarasyon ki vre sou montan ki nan sèk anba yo?




Sèk A



Sèk B



Sèk C



Sèk D

- A** Pi gran montan an endike nan Sèk A.
- B** Pi gran montan an endike nan Sèk B.
- C** Pi piti montan an endike nan Sèk C.
- D** Pi piti montan an endike nan Sèk D.

7

Trent vle konplete fraz nimerik ki anba a.

$$245 > \underline{\quad ? \quad}$$

Ki nonb Trent ka ekri sou dwat la pou fè fraz nimerik la vre?

- A** 235
- B** 245
- C** 250
- D** 254


8

Madmwazèl Clark gen yon total 42 fig banàn. Gen 6 fig banàn nan chak grap. Ki etap ki ka sèvi pou jwenn kantite grap fig banàn Mis Clark genyen?

- A** Adisyone 6 ak 42.
- B** Divize 42 pa 6.
- C** Miltipliye 42 pa 6.
- D** Soustrè 6 nan 42.

9

Dyagram anba a montre sipèfisi bwat sab Mesye Mathews te konstwi nan lakou I la.



Ki sipèfisi bwat sab la, an inite kare?


- A** 7
- B** 10
- C** 12
- D** 14

Kontinye


10

Pati fonsé nan tablo anba yo reprezante kantite lajan Sean ak Trey konte.

LEJANN
□ = \$0,01



Sean



Trey

Mary konte lajan pa l la epi li jwenn ke kantite lajan l lan **pi plis** pase pa Sean lan men **mwens** pase pa Trey a. Ki kantite lajan Mary ta ka genyen?

- A** \$0,32
- B** \$0,39
- C** \$0,44
- D** \$0,47


11

Mesye Wright gen twa gwo wòch nan jaden l lan. Wòch yo peze 79 liv, 72 liv, ak 203 liv. Ki pi **bon estimasyon** pwa total wòch yo?

- A 340 liv
- B 350 liv
- C 360 liv
- D 370 liv

12

Anna mete bouji sou $\frac{3}{6}$ gwoup ponmkèt yo montre anba a.



Ki fraksyon ki ekivalan a $\frac{3}{6}$?

- A $\frac{1}{9}$
- B $\frac{1}{4}$
- C $\frac{1}{3}$
- D $\frac{1}{2}$

Kontinye

- 13** Brian sèvi ak menm règ la pou chak nonb Antre pou kreye nonb Sòti nan tablo anba a.

TABLO ANTRE-SÒTI BRIAN A

Antre	Sòti
30	20
60	50
20	10
40	30


Ki règ Brian te ka itilize?

- A** Ajoute 10.
- B** Ajoute 30.
- C** Soustrè 10.
- D** Soustrè 20.


- 14** Tina ak Carl vwayaje pou ale nan Vil Nouyòk. Avyon Tina a ap rive a 8è00 A.M. Avyon Carl la ap rive 2 zè e 30 minite apre. A ki lè avyon Carl la ap rive?

- A** 8è30 A.M.
- B** 9è30 A.M.
- C** 10è30 A.M.
- D** 11è30 A.M.


15 Denise te trase figi ki anba a.



Ki figi ki kongriyan ak figi Denise te trase a?



A



C



B



D

16 Ki valè ki menm ak 2 santèn?

- A** 2 inite
- B** 20 inite
- C** 20 dizèn
- D** 200 dizèn

Kontinye

17 Ki deklarasyon ki toujou vre?

- A** nonb pè $\times 2 =$ nonb pè
- B** nonb enpè $\times 2 =$ nonb enpè
- C** nonb pè $\times 3 =$ nonb enpè
- D** nonb enpè $\times 3 =$ nonb pè

18 David miltipliye 19 pa 21 e li jwenn 399. Ki estimasyon pami estimasyon sa yo ta ka sèvi pou verifye si repons David la rezonab?

- A** 10×20
- B** 10×30
- C** 20×20
- D** 20×30

19 Ki inite mezi ki **pi bon** pou mezire kantite dlo ki genyen nan yon gwo akwaryòm pwason?

- A** lit
- B** mètr
- C** mililit
- D** millimèt

20

Yon konkou lekti ap kòmanse nan bibliyotèk la le 6 jiyè. Konkou a ap fini egzakteman 2 semèn apre.

Jiyè

Dimanch	Lendi	Madi	Mèkredi	Jedi	Vandredi	Samdi
	1	2	3	4	5	6
7	8	9	10	11	12	13
14	15	16	17	18	19	20
21	22	23	24	25	26	27
28	29	30	31			


Nan ki jou konkou lekti a ap fini?

- A** 13 jiyè
- B** 20 jiyè
- C** 21 jiyè
- D** 27 jiyè

Kontinye

21

Dyagram ki anba a montre yon rektang ki divize an seksyon egal. Ki fraksyon nan rektang lan ki fonce?



- A $\frac{1}{2}$
- B $\frac{1}{4}$
- C $\frac{2}{3}$
- D $\frac{2}{5}$


22

Maya vle mezire lajè liv syans li a. Ki zouti mezi ki pi bon pou Maya itilize?

- A règ
- B balans
- C konpa
- D tèmomèt

23

Grafik ba anba a montre kantite vach Mesye Hancock te genyen sou fèm li a pandan yon peryòd senk an.



Si tandans ki nan grafik ba a kontinye pandan dezan anplis, ki pi bon prediksyon sou kantite vach ki pral sou fèm lan an **2010**?

- A** 25
- B** 30
- C** 35
- D** 45

Kontinye

24 Ki deklarasyon ki vre?

A $\frac{1}{2} \neq \frac{4}{8}$

B $\frac{1}{3} \neq \frac{4}{12}$

C $\frac{1}{3} \neq \frac{4}{20}$

D $\frac{1}{4} \neq \frac{4}{16}$

25 Ki fraksyon ki ekivalan a 0,08?

A $\frac{1}{8}$

B $\frac{1}{80}$

C $\frac{8}{10}$

D $\frac{8}{100}$

26 Ki nonb ki dwe sou dwat la pou fè fraz nimerik la vre?

$$5 + \underline{\quad ? \quad} < 4 + 3$$

A 1

B 2


C 4





D 7

27

Felicia vann limonad pandan senk jou. Piktogram anba a montre kantite vè limonad li vann pandan chak nan kat premye jou yo.

LAVANT LIMONAD

LEJANN
 = 5 vè limonad

Jou	Kantite vè
1	
2	
3	
4	

Dapre enfòmasyon nan piktogram lan, konbyen vè limonad Felicia gen plis chans pou l vann nan Jou 5?

- A 5
- B 6
- C 30
- D 40

Kontinye

28 Nan ki sitiyasyon li ta **pi bon** pou sèvi ak metòd estimasyon?


- A** pou jwenn kantite wou nan yon otobis
- B** pou jwenn kantite flè nan yon plas
- C** pou jwenn kantite senti sekirite nan yon machin
- D** pou jwenn kantite kòd nan yon gita

29 Mesye Patel deplase chèz li a epi mete l sou lòt bò salon l lan. Ki mezi ki ta ka **gen plis chans** pou l se mas chèz li a?

- A** 5 lit
- B** 5 gram
- C** 5 kilogram
- D** 5 kilomèt

30

Roberta ap sèvi ak fou l la. Grafik lineyè anba a montre tanperati fou l la apre l fin limen pou yon sèten tan epi apres a yo etenn li.



Ki deklarasyon ki dekri kòrèkteman done ki nan grafik la?

- A** Tanperati a, a 12 minit se 450 degre.
- B** Tanperati a, a 4 minit pi ba pase 200 degre.
- C** Tanperati a, a 4 minit e a 20 minit egzaktman menm lan.
- D** Tanperati a, a 8 minit ak a 16 minit apeprè menm lan.

RETE LA



Ane 4
Egzamen Matematik
Liv 1
5–7 me 2010

Grade 4
Mathematics Test
Book 1
May 5–7, 2010

The McGraw-Hill Companies
